



PLANIFYE ENPO PANDAN ANE A SE AFÈ TOUT MOUN



Lefètke w fin depoze deklarasyon enpo w la sa pa vle di ou pa bezwen panse ak enpo pou rès ane a. Sa ou fè pandan ane a ka afekte enpo ou ka dwe oswa ranbousman ou ka espere resevwa lòt ane.

Tcheke prelevman enpo ou pandan tout ane a

Piske enpo federal yo fonksyone sou yon baz repatisyon, ou bezwen peye pifò nan enpo ou pandan ane a anmenmtan w ap touche revni an. Si ou pa peye enpo ou atravè prelevman, oswa ou pa peye ase enpo konsa, ou dwe peye enpo estime. Se yon bon lide pou asire w ou pa gen twò piti prelevman enpo, sa ta ka lakòz yon ranbousman ki pi piti pase sa w espere a, oswa menm yon bòdwo enpo. Oubyen, ou ka vle tcheke ou pa gen twòp prelevman enpo, si resevwa lajan anplis nan chak chèk salè pi itil pase jwenn yon ranbousman ki pi gwo lè w fè depo. Itilize **Estimatè Prelevman Enpo IRS la** pou w tcheke prelevman lè gen chanjman pèsonèl oswa ekonomik nan lavi w, tankou maryaj oswa divòs, timoun oswa ogmantasyon salè travay ou. W ap bezwen bay anplwayè w la yon **Fòm W-4** ki ajou pou chanje kantite enpo yo preleve sou chèk w ap touche.

Gen kontribyab ki resevwa revni ki egzan de prelevman. Nèt ti biznis yo ak antrepriz endividyèl yo—sa gen ladan ltravayè ekonomi ti djòb yo—ka bezwen **peye enpotrimetriyèl estime**.

Òganize dosye fiskal ou yo

Devlope yon sistèm pou kenbe dosye—elektwonik oswa papye—ki kenbe enfòmasyon enpòtan w yo ansanm. Ajoute dosye enpo yo nan dosye yo lè w resevwa yo. Sa gen ladann Fòm W-2 pou fen ane a anplwayè yo bay, Fòm 1099 ki soti nan bank ak lòt moun ki te peye w, lòt dokiman revni ak dosye tranzaksyon lajan vityèl. Lè dosye yo òganize sa fè preparasyon yon deklarasyon enpo pi fasil. Li ka ede w dekouvri tou dediksyon oswa kredi ki te kapab neglije. **Fè IRS konnen (an anglè)** si w chanje adrès epi **fè Administrasyon Sekirite Sosyal la (an anglè)** konnen si w chanje non legal ou, pou w evite reta nan tretman deklarasyon w lan.

Gade enfòmasyon ki nan kont ou an anliy

Konekte nan kont fiskal endividyèl ou an sekirite sou entènèt nan **IRS.gov/account (an anglè)** pou w gade

montan w, fè peman, wè detay sou plan peman ak lòt enfòmasyon ankò.

Resous IRS disponib an Espayòl, Chinwa, Koreyen, Ris, Vyetnamyen ak Kreyòl Ayisyen

Nou konnen enfòmasyon fiskal ka difisil pou konprann nan nenpòt lang. Li ka menm pi difisil si enfòmasyon sa yo pa disponib nan lang ou konnen pi byen an. N ap tradui resous fiskal nou yo nan plis lang. **Paj Kite Nou Ede w** la mete aksan sou resous IRS pou kontribyab yo nan sèt lang. Ajans la ap mete tou enfòmasyon sou sèvis tradiksyon ak lòt opsyon nan plizyè lang nan avi ki pi itilize yo voye bay kontribyab yo. Pou plis enfòmasyon, gade paj **Nou Pale lang Ou a (an anglè)** sou IRS.gov.

Evènman nan lavi a ka afekte enpo ou

Evènman lavi, tankou achte yon kay, ale nan kolèj oswa pèdi yon travay, ka fè ou kalifye pou sèten avantaj fiskal. Lòt sikonstans, tankou marye oswa divòs, yon timoun anplis oswa sibi lanmò yon konjwen oswa yon depandan w reklame, ka afekte ki benefis fiskal ou kalifye ak estati depo w. Pou aprann plis sou jan pou w jere enpo apre yon evènman lavi, vizite **IRS.gov/evènmanlavi (an anglè)**.

Chèche konnen ki fason Revni Brit Ajiste ou (AGI) afekte enpo w yo

AGI ou ak to fiskal ou se faktè enpòtan nan kalkile enpo w. AGI se revni ou soti nan tout sous mwens nenpòtajisteman oswa dediksyon nan revni w. Anjeneral, piwo AGI la, se pi gwo to fiskal la, ak plis enpo ou peye. Planifikasyon fiskal ka gen ladan l fè chanjman pandanane a ki ka diminye AGI ou. Gen plizyè fason pou diminye AGI ou, ki gen ladan **kontribye nan yon kont pou retrèt (an anglè)**, oswa **Kont Epay Medikal (an anglè)** reklame **depans edikatè (an anglè)** si w se edikatè ki kalifye, epipeye **enterè sou prè etidyan (an anglè)**.

Prepare w pou reklame kredi ak dediksyon fiskal yo

Revni enpozab se sa ki rete apre ou retire nenpòt **dediksyon (an anglè)**, ou kalifye pou yo tankou **dediksyon estanda a (an anglè)**, nan AGI ou a. Pifò moun pran dediksyon estanda a, men kèk ka chwazi detaye dediksyon yo paske li ka diminye revni enpozab yo plis toujou. Kòm règ jeneral, si dediksyon detaye yo plis pase dediksyon

estanda a, ou ta dwe detaye. Itilize [Asistan Entèaktif Fiskal \(an anglè\)](#) la pou w konnen si detaye dediksyon yo nan avantaj ou.

Ogmante ranbousman enpo w omaksimòm

Ou ka kalifye pou kredi fiskal, tankou [Kredi Enpo sou Revni ou Antre, Kredi pou Swen Timoun ak Depandan \(an anglè\)](#), [Kredi Enpo pou Timoun ak Kredi pou Lòt Depandan \(an anglè\)](#). Fanmi ki gen elèv yo ka kalifye pou [kredi edikasyon \(an anglè\)](#). Byen reklame kredi fiskal yo ka diminye enpo ou dwe epi ogmante ranbousman, kidonk ou ta dwe wè si w kalifye. Kenbe dosye ki montre ou kalifye pou kredi ou reklame yo. Sa gen ladan lèt ajans yo pou kredi ou resevwa davans.

Pa rate ranbousman w lè pa fè depo

Anpil moun ka pèdi ranbousman fiskal yo lè yo pa deklare enpo sou revni federal yo. Dapre lalwa, yo sèlman gen yon fennèt twazan apati dat limit orijinal la, dat limit avril la, pou reklame ranbousman yo. Gen kèk moun ki ka chwazi pa ranpli yon deklarasyon enpo paske yo pa t touche ase lajan pou yo ta [oblige depoze \(an anglè\)](#). Anjeneral, yo pa pral resevwa yon penalite si yo dwe yo yon ranbousman. Men, yo ka [pèdi yon ranbousman](#) si yo pa depoze yon deklarasyon enpo.

Chèche èd pou w declare enpo w

Moun ki kalifye yo ka jwenn èd fiskal gratis volontè sètifye IRS yo bay nan pwogram Asistans Volontè Enpo sou Revni (VITA) oswa Konsèy Fiskal pou Moun Aje (TCE). Sèvis VITA/TCE yo pa sèlman gratis, yo serye e ou ka fè yo konfyans pou prepare deklarasyon enpo w yo.

Direct File

Direct File se opsyon pèmanan pou ranpli deklarasyon enpo federal endividyèl anliy – gratis- dirèkteman epi an sekirite avèk IRS. Direct File se yon opsyon pou kontribyab nan eta patisipan yo ki gen deklarasyon enpo senp pou rapòte kèk kalite revni epi reklame kèk kredi ak dediksyon. Byenke Direct File pa prepare deklarasyon eta yo, si w rete nan yon eta patisipan, Direct File ap dirije w al jwenn yon zouti eta w la sipòte pou prepare deklarasyon enpo eta a gratis.

Rete konekte avèk IRS

Sit entènèt ofisyèl IRS la se IRS.gov. [Suiv IRS \(an anglè\)](#) sou **X**, **Facebook**, **LinkedIn** ak **Instagram** pou dènye enfòmasyon sou chanjman fiskal, alèt twonpri yo, inisyativ yo, pwodui ak sèvis yo. Gade videyo YouTube IRS yo epi abòne a [Bilten elektwonik IRS yo \(an anglè\)](#).

Telechaje aplikasyon mobil [IRS2Go \(an anglè\)](#) a pou w tcheke sitiyasyon ranbousman w lan byen vit, fè yon peman, epi jwenn konsèy fiskal yo.

Rezo sosyal ka fè sikile enfòmasyon enpo ki pa kòrèk oswa ki twonpe moun. Kontribyab yo dwe toujou sonje si

yon bagay sonnen twò bon pou l ta verite, probableman se sa li ye. Pwoklamatè yo ka swiv IRS sou X nan [@IRStaxsecurity](#) pou jwenn èd pou evite twonpri komen ki ka mete lajan yo ak enfòmasyon yo an danje.

Lis kontwòl pou preparasyon enpo

Rasanble atik sa yo anvan w ranpli deklarasyon w lan

- Nimewo Sekirite Sosyal po ou, pou konjwen w ak depandanyo oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl sioumenm, konjwen w oswa depandan w yo pa gen nimewoSekirite Sosyal
- Dat nesans ou, konjwen w ak pa depandan ki soudeklarasyon enpo a
- Deklarasyon salè ak revni yo (Fòm W-2, W-2G,1099-R,1099-Misc) ki soti nan tout anplwayè yo,ajans oswa antite ki te peye yo, sa gen ladan l Fòm 1099-G,Sèten Peman Gouvènman an, pou nenpòt konpansasyonchomaj enpozab
- Fòm 1099 yo pou deklarasyon enterè ak dividann nan menbank yo ak lòt moun / konpayi ki peye yo
- Yon kopi deklarasyon federal ak eta ane pase a
- Routaj kont labank ak nimewo kont an bank yo pou depodirèk
- Total ki te peye pou gadri oswa depans pou swen depandanyo ak nimewo fiskal founisè a, tankou nimewo Sekirite Sosyal yo oswa Nimewo Idantifikasyon Anplwayè biznis
- Fòm 1095-A, Deklarasyon Mache Asirans Sante
- Korespondans IRS ki gen ladan l avi, lèt ak fòm ki gen rapò akajisteman, peman ak IP PIN aktyèl la

Chèche gen yon kont an bank si w pa genyen, pou akselere ranbousman yo avèk depo dirèk

[Depo dirèk \(an anglè\)](#) ba ou aksè a ranbousman w pi vit pase chèk sou papyè. Èske w pa gen yon kont an bank? Aprann fason pou w ouvri yon kont anliy nan yon [Bank FDIC-Asire \(an anglè\)](#) oswa pa mwayen [Zouti pou Lokalize Sendika Kredi Nasyonal \(an anglè\)](#).

Si w se yon veteran, gade [Pwogram Bankè Avantaj Pou Veteran yo \(VBBP\)](#) pou aksè sèvis finansye nan bank k ap patisipe yo.

Preparasyon pou katastwòf

Kontribyab yo ta dwe mete dokiman orijinal tankou deklarasyon enpo, batistè, papyè kay, tit ak kontra asirans anedan resipyan ki enpèmeyab nan yon espas an sekirite. Yo ta dwe bay yon moun yo fè konfyans kenbe kopi dokiman sa yo a andeyò zòn kontribyab la. Yon lòt opsyon ki bay sekirite e ki pòtab se skane yo pou storaj backup elektwonik. Foto aktyèl oswa videyo sou sa ki nan yon kay ka ede sipòte reklamasyon pou asirans oswa benefis fiskal apre yon dezast. Kaye IRS pou pèt dezast ki nan [Piblikasyon 584 \(an anglè\)](#) la ka ede prepare lis sa yo.